# ӨЗБЕК ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИ ДИАЛЕКТЛЕРИНИҢ БАЙЛАНЫСЫ
## (Ю.Ибрагимовтың илимий жумыслары мысалында)

**С.Ж.Шынназарова** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
**М.К.Кайпназарова** – *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**Т.Гулимбетова –** *оқытыўшы*
*Кегейли районы 38-санлы мектеп*

**Таянч сўзлар:** адабий тил, диалект, лингвогеография, атлас, диалектология, грамматика, морфология, фокус, ареал.
**Ключевые слова:** литературный язык, диалект, лингвогеография, атлас, диалектология, грамматика, морфология, фокус, ареал.
**Key words:** literary language, dialect, linguogeography, atlas, dialectology, grammar, morphology, focus, area.

Ҳәр қандай тилде көп ғана мәселелердиң шешими сол тилдиң диалект ҳәм сөйлесимлерин терең үйрениў иси менен байланыслы. Себеби, әдебий тилдиң қәлиплесиў ҳәм раўажланыў басқышларында диалектлер әҳмийетли хызметти атқарады.

Түркий диалектологиясында әсиресе, рус илимпазларынан Н.И.Ильминский, А.М.Самойлович, А.Н.Кононов, С.Е.Малов, Н.А.Баскаков, Д.Е.Поливанов, А.А.Соколов, В.В.Решетов, К.К.Юдахин, А.А.Боровков т.б. сыяқлы илимпазлар XX әсирдиң 20-жылларынан баслап қырғыз, өзбек, түркмен ҳәм қарақалпақ тилиниң диалектлерин изертлеў бойынша салмақлы жумыслар алып барды.

Усы зәбердес илимпазлардың диалектология илимине салған жолын даўам еттирген, жергиликли илимпазлардан Қарақалпақстандағы өзбек сөйлесимлери бойынша М.Буранов, Ю.М.Ибрагимов, А.Ишаев, Э.Ю.Ўразов, З.Ибрагимова, У.Ибрагимовалардың да мийнетлери атап өтиўге арзырлық.

Ибрагимов Юлдаш Маткаримовичти түркий диалектологиясында, улыўма өзбек диалектологиясында өз алдына илимий мектеп жаратқан илимпаз деп баҳалаўға болады. Профессор Толиб Эназаров өзиниң арнаўлы мақаласында өзбек диалектологиясында 9 үлкен илимий мектептиң бар екенлигин дәлиллеп, олардың тийкарын салыўшыларды, усы мектептиң ўәкиллерин айтыў менен бирге, өзбек диалектологиясында Нөкис диалектологларының илимий мектебин атап көрсетеди. «Бул илимий мектеп XX әсирдиң 90-жылларынан басланып, бүгинги күнге шекем әмелде искерлик көрсетип атыр. Оған тыным билмейтуғын алымлардан бири болған 1993-жылда Ташкент мәмлекетлик университетинде докторлық жумысын табыслы қорғаған профессор Юлдаш Ибрагимов басшылық етип, жаңадан-жаңа илимий изертлеўлердиң басланыўына тийкар болмақта» [1] деп жоқары дәрежеде баҳа берген еди. Биз илимпаздың бул пикирин толық қоллап-қуўатлаймыз. Себеби, белгили диалектолог илимпаз, түркий диалектологиясының раўажланыўына үлес қосып киятырған устаздың илимий мийнетлериниң дерлик барлығы усы тараўға арналған. Алымның жәми 400 ден зыят илимий-методикалық, публицистикалық мийнетлери бар болып, соңғы үш жылдың өзинде 5 илимий мақаласы ЖАК тәрепинен усынылған илимий журналларда, 2 мақаласы импакт факторлы журналларда, халық аралық ҳәм республикалық көлемде өткерилген илимий-теориялық конференцияларда 7 тезиси жәрияланды.

Диалектолог устаздың бүгинги күнге шекем 3 монографиясы, 5 оқыў қолланбасы, 3 оқыў методикалық қолланбасы, 200 ден артық илимий методикалық, 200 ге жақын газета ҳәм журнал мақалалары жәрияланған. Бул мийнетлердиң айырымларына тоқтап өтемиз.

Көлемли мийнетлеринен; 1) «Қорақалпоғистондаги маҳаллий ўзбек шеваларидан материал тўпловчилар учун методик қўлланма» (ўқув-услубий қўлланма. –Нукус, Университет 1981); 2) «Қорақалпоғистондаги ўзбек шеваларида феъл» (ўқув қўлланма. –Нукус, Университет, 1984);

3) «Исследование узбекских говоров Приаралья (учебное пособие для преподавателей вузов и учителей средних школ. –Нукус, «Билим» 1992);

4) «Лексика узбекских говоров» (учебное пособие для преподавателей вузов и учителей средних школ. –Нукус, «Билим») 1996; 5) «Ўзбек нутқ маданиятидан лавҳалар» (махсус сиртқи таълим йўналиши учун ўқув услубий қўлланма. –Нукус, НДПИ, 2009); 6) «Ўзбек тилида «Феъл» мавзусини модулли ўқитиш таълим технологияси» (ўқув қўлланма. –Тошкент, Bayoz, 2018) сыяқлы илимий мийнетлердиң авторы.

1975-жылы 15-январьда профессор Х.Д.Дониёровтың басшылығында «Өзбек тили Хожели-Қоңырат сөйлесимлери морфологиясы (тартымланыў, сеплениў, бетлениў ҳәм сөз жасалыўы) деген темада диссертациясын табыслы қорғады. Бул мийнетинде Қарақалпақстанның Хожели ҳәм Қоңырат районында жасайтуғын өзбек миллети ўәкиллериниң сөйлеў тилиндеги аймақлық өзгешеликлери, әсиресе морфологиялық тәрепин усы аймақта өзбеклер менен әсирлер даўамында бирге жасап киятырған қазақ, түркмен, қарақалпақ халқының тиллик тәсирлери, оның грамматикалық категорияларда билдирилиўи, парықланыўын дәлилли мысаллар менен көрсеткен.

Ю.М.Ибрагимов 2000-жылы 16-октябрь сәнесинде Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Алишер Наўайы атындағы Тил ҳәм әдебият институты жанындағы докторлық илимий дәрежесин алыў ушын қәнигелестирилген ДК.015.31.01.-санлы Кеңесте «Жанубий Оролбўйи ўзбек шевалари тадқиқи («Қубла Аралбойы өзбек сөйлесимлериниң изертлениўи») деген темада филология илимлериниң докторы илимий дәрежеси ушын диссертациясын қорғады. Бул докторлық диссертациясында түркий диалектологиясы ушын ең баслы жаналықларынан бири − бул биринshiден, Қарақалпақстандағы өзбек сөйлесимлерин классификациялаў болса, екиншиден, итибарға алынған диалектологиялық пунктлер лингвогеографиялық аспектте үйренилди, яғный карталастырылып берилди. Бул арқалы устаз Ю.М.Ибрагимовтың тек ғана билимли, тәжирийбели диалектолог болып қалмастан, диалектологияны география илими менен ушластырған шебер лингвогеограф деп те тән алыўға болады.

Лингвогеографиялық аспектте үйренилген докторлық жумысында илимпаз изертлеў объекти сыпатында Қарақалпақстан Республикасының Төрткүл, Елликқала, Беруний, Әмиўдәрья, Хожели, Қоңырат, Шоманай, Қанлыкөл, Нөкис, сондай-ақ Шымбай районы, Хорезм ўәлаятының Жаңабазар, Гүрлен районлары, Түркменстан Республикасы Ташаўыз ўәлаятының Тазабазар, Жыланлы, Губадағ, Ташаўыз, Бўлдимсоз, Ақтепа, Гөне Үргениш районларының халқы, тийкарынан өзбек миллетинен қуралған **186** аўылды өз ишине алады.

Қубла Аралбойы регионындағы өзбек сөйлесимлери картасы ушын бланка сыпатында Қарақалпақстан Республикасы, Түркменстан Республикасының Ташаўыз ўәлаяты, Хорезм ўәлаятының Жаңабазар, Гүрлен районларының карталары алынған. Изертленген аймақтағы халық жасап атырған **186** елатлы пункттен **133**и түсирилген, **53** елатлы пункти атласқа түспеген, себеби, оларды өзара уқсас болған елатлы пунктлер менен бирлестирип жиберген.

Изертленип атырған Аралбойы өзбек сөйлесимлерине сүйенип, үш бир-бирине салыстырылып атырған батыс, шығыс ҳәм қубла сөйлесим регионлары тийка-

рында олар тарқалған аймақларды шәртли түрде лингвогеографиялық сыпатлама берип, классификациялайды.

1) Шығыс (Төрткүл, Елликқала);
2) Батыс (Қоңырат өзбеклери);
3) Қубла (Тазабазар-Ташаўыз, Жыланлы);
4) Қубла-Батыс (Алпыс,Көкшеге, Гөне үргениш);
5) Орайлық (Гүрлен-Беруний);
6) Арқа (Хожели-Қыпшақ)

Демек, Аралбойы өзбеклери сөйлесимлери усы сыяқлы 6 топарға бөлип топарластырылып, ҳәр бир түр сөйлесимниң өзине тән тиллик өзгешеликлери, аймақта сөйлесим сызықларының түрли жөнелислер бойынша тарқалыўы, кесилисиў точкалары, фокуслары анық белгиленген. Изертлеўде усы Аралбойы өзбеклери сөйлесимлериниң қәлиплесиў процесинде түркий ҳәм түркий болмаған тиллик қоңсылар, әсиресе қарақалпақ, қазақ, түркмен ҳәм тәжиклер менен тарийхый-лингвистикалық, социаллық-экономикалық байланыс мүнәсибетлери, ески Хорезмий тили субстракты менен байланыслы мәселелери өз шешимин тапқанлығы менен дыққатқа ылайық. Ҳәр тәрепleme дөретиўшилик ийеси болған Ю.М.Ибрагимов өзбек тили тарийхы, лексикологиясы, лексикографиясы, морфологиясы, диалектлик лексика, лингвогеография, ареаллингвистика, ономастика, этнография, сөйлеў мәденияты ҳәм ана тилин оқытыў методикасы бойынша изерлеўлер алып бармақта.

Ю.Ибрагимов «Қубла Аралбойы өзбек сөйлесимлериниң изертлениўи» атамасындағы докторлық жумысында Аралбойы өзбеклерин 6 топарға бөлип қарастырады ҳәм арқа (Хожели-Қыпшақ) сөйлесим аймағына Қарақалпақстанның арқа районларындағы қарақалпақ, қазақ сөйлесимлери өзгешеликлериниң тарқалыўы менен байланыслы берилген мысалларға дыққат аўдарсақ, қоңсылас халықтың сөйлеў тили тәсирин айрықша атап өтеди ҳәм оған төмендеги мысалларды усынады: *хожалық* (шаңарақ, рўзгершилик), *шатпа* (палыз егетуғынлардың дүзде соғылған ханасы), *сиңир* (аяқ ҳәм қатты жер), *тап* (жоя, егин егилетуғын қарықша), *партаў* (көрик, қыз қалыңы ушын берилетуғын сеп), *соғум* (баққы) т.б. мысалларды келтирсе, Батыс (Қоңырат өзбеклери) сөйлесим аймағы ол Қарақалпақстанның Қоңырат, Қанлыкөл, Шоманай, Нөкис районларындағы өзбек аўылларын өз ишине алады. Мысалы, *қақыра* (қамыс үй), қумайт//қумақ (қум), *төбе* (үйдиң басы), *аджапа* (апа), *чега* (мих), *ҳәрем* (дийўал, тосық). *әңгиме* (ҳикая, гүрриң) т.б. сөзлерди мысалға келтиреди ҳәм Батыс-өзбек сөйлесими менен өзбек-қарақалпақ, өзбек-қазақ тиллик шегарасы өзара байланыслы деп дәлиллейди.

Биз қарақалпақ тилиниң арқа диалектинде қолланылатуғын дийқаншылық ҳәм шарўашылыққа байланыслы сөзлерди үйрениў барысында арқа районларда жасаўшы халықтың сөйлеў тилинде өзбек тили менен байланыслы сөзлердиң бар екенлигин аңладық. Мысалы, «*көлем*» – көбинесе егин егилген атыз мәнисинде қолланылады: *Бүгин Ережеп көлемди отап болдық* (Қанлыкөл районы). «*Көлем»* дийқаншылық кәсиплик лексикасы ҳаққында диалектолог Ю.Ибрагимов: «*көләм//көлэм* –жерге байланыслы атама болып, Қарақалпақстан Республикасының Қоңырат, Шоманай, Қанлыкөл, Хожели, Нөкис ҳәм Әмиўдәрья районлары ушын кеңнен таныс. Бул сөз Қубла Аралбойы өзбек говорларында *«қыйтақ*» сөзине жақын мәнини билдиреди» [2] деп атап өтеди.

*«Көрпеш»* – гүзде туўылған ылақ (Кегейли районы). Тахтакөпир районының Мал семиртиў ҳәм Шопанқазған елатларында да бул сөз өнимли жумсалады, ал Қараой елаты ҳәм Шөгиркөл аўылында *«гүземик»* болып қолланылса, Шымбай, Қоңырат, Қанлыкөл, Кегейли районларында *«гүзылақ»* түринде жумсалады. Проф. О.Доспанов: қарақалпақ тилиниң қубла диалектинде «қозыларға арнап исленген қораны *көрпеш* (Аққамыс)» [3] деп атайтуғынлығын көрсетеди. Демек, «*көрпеш» сөзи* арқа диалектте «*ылақ»* мәнисин аңлатса, қубла диалектте «*қозылар ушын арналған қораны*» билдиреди. Ал, Ю.Ибрагимов диссертация жумысында өзбек тили сөйлесимлеринде «*көрпә*» варианты қолланылады ҳәм бул сөз *«қозы»* мәнисин билдиреди деп келтиреди. Демек, «көрпеш» сөзи қарақалпақ ҳәм өзбек диалектлеринде «ылақ» ҳәм «қозы» мәнилеринде теңдей қолланылыўын көриўге болады. Бул арқалы диалектлик сөзлер ҳәр қандай тилдиң сап өз сөзлик қатламындағы сөзлерден болыўы менен бирге, айырым жағдайларда басқа тиллик өзлестирмелердиң ишки тил нызамлылықлары арқалы, қоңсылас генетикалық жақтан туўысқан тиллердиң өзара жақынлығы, бир миллет ўәкиллериниң қоңсылас аймақларда узақ жыллар қарым-қатнас жасаўы, басқа тиллик өзлестирмелердиң күшли деформацияларға ушыраўы нәтийжесинде де жүзеге келеди.

Илимпаз диалектлик мәселелер менен бирге өзбек тилиниң стилистикасына, сөйлеў мәдениятына да айрықша кеўил аўдарған. Мысалы, өзбек тили ҳәм әдебияты тәлим бағдарының арнаўлы сыртқы бөлим талабалары ушын жазылған «Өзбек тили сөйлеў мәдениятынан үзиндилер» оқыў-методикалық қолланбасында (Нөкис, НМПИ, 2009) өзбек әдебий тили, жазба әдебий тил, әдебий сөйлеў тилиниң актуаль машқалаларын сөз етеди.

Жуўмақлап айтқанда, тил илиминде, түркий диалектологиясы әлеминде өзиниң ылайықлы орны, салмақлы илимий мийнетлери, әсиресе, кандидатлық ҳәм докторлық изертлеў жумысларының Қарақалпақстан Республикасында жасап атырған өзбек сөйлесимлерине байланыслы арнаўлы изертлеўлери нәтийжесинде көлемли монографияларын жәриялаўы, өзбек сөйлесимлерин, Қаракалпақстандағы жергиликли өзбеклердиң тилин арнаўлы изертлеген илимпазлардың ишинде ең бириншилерден болып диалектлерди карталастырыўын, лингвоареаллық бағытта үйрениўин түркий диалектологиясына қосылған оғада салмақлы. баҳалы мийнет деп есаплаймыз.

**Әдебиятлар**


1. Эрназаров Т., Ҳайитов Ҳ.. Султанова З. Ўзбек диалектологиясида илмий мактаблар ва назарий концепциялар. // Махмуд Замахшарий, Махмуд Кошғарий ва Алишер Навоийнинг лингвистик мероси ҳамда унинг туркий тилларни ўрганишдаги ўрни» халқаро илмий конференция материаллари. – Самарқанд: 2018.
2. Ибрагимов Ю. Лексика узбекских говоров Приаралья. – Нукус: «Билим», 1996.
3. Доспанов О. Қарақалпақ тили қубла диалектиниң лексикасы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақола Қорақалпоғистон республикасидаги ўзбек миллати вакилларининг тили бўйича олиб борилган илмий-тадқиқот ишларини ўрганишга қаратилган. Нукус диалектология мактабининг асосчиси профессор Ю.М.Ибрагимовнинг диалектология соҳасидаги асосий илмий ишларига изоҳ берилган. Қорақалпоғистондаги ўзбек шевалари бўйича мисоллар тахлил этилган.

**РЕЗЮМЕ**

Данная статья посвящена исследованию языка узбекского народа в Республике Каракалпакстан. Рассмотрены основные научные труды основателя Нукусской школы диалектологии профессора Ю.М. Ибрагимова в области диалектологии. Анализируются примеры узбекских диалектов в Каракалпакстане.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of the language of the Uzbek people in the Republic of Karakalpakstan. The main scientific works of professor Yu.M. Ibragimov, the founder of Nukus school of dialectology are considered in the field of dialectology. There have been analyzed the examples of Uzbek dialects in Karakalpakstan.